

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis, jeung pedaran kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020, ieu hasil panalungtikan téh bisa dicindekeun saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung saméméh maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar kagolong kana kurang atawa can mampuh, rata-rata peunteunna 54. Hartina siswa can mampuh nulis Aksara Sunda. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu masih kurang tina peunteun maksimal, nya éta 1) aksara ngalagena jeung aksara swara 13,5 tina peunteun maksimal 25, hartina siswa masih can mampuh nulis aksara ngalagena jeung aksara swara kalayan bener, 2) rarangkén 11,4 tina peunteun maksimal 25, hartina siswa masih can mampuh nempatkeun rarangkén dina tempat nu sakuduna, 3) angka 16,2 tina peunteun maksimal 25, hartina siswa masih can mampuh nuliskeun angka kalayan bener, siswa masih sok pahili antara nuliskeun angka jeung aksara swara atawa aksara ngalagena, jeung 4) karapihan tulisan 12,9 tina peunteun maksimal 25, hartina siswa masih can mampuh nulis Aksara Sunda kalayan rapih tur bener.
- 2) Kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung saenggeus maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar kagolong kana hadé atawa geus mampuh, rata-rata peunteunna 87,2. Hartina siswa geus mampuh nulis Aksara Sunda. Ieu hal katitén tina peunteun unggal aspék anu asup kana kritéria hadé, nyaéta 1) aksara ngalagena jeung aksara swara 21,9 tina peunteun maksimal 25, hartina siswa masih geus mampuh nulis aksara ngalagena jeung aksara swara kalayan bener, 2) rarangkén 19,9 tina peunteun maksimal 25, hartina siswa masih geus mampuh nempatkeun rarangkén dina tempat nu sakuduna, 3) angka 23,5 tina peunteun maksimal 25, hartina siswa masih geus mampuh nuliskeun angka kalayan bener, siswa geus bisa ngabédakeun antara nuliskeun angka jeung aksara swara atawa aksara ngalagena, jeung 4) karapihan tulisan 22 tina peunteun maksimal 25,

hartina siswa masih geus mampuh nulis Aksara Sunda kalayan rapih tur bener.

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa saméméh jeung saenggeus maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar katitén tina rata-rata *pre-test* anu dicangking siswa nyaéta 54, sedengkeun rata-rata *post-test* anu dicangking siswa nyaéta 87,2. Béda kamampuh siswa saméméh jeung saenggeus maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan maké uji non-parametrik Wilcoxon. Nilai signifikansi (Asymp. Sig. 2-tailed) nyaéta nyaéta $0,00 < 0,05$, H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara *pretest* jeung *posttest*. Modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda kelas X MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2019/2020. Katitén modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda siswa dina unggal aspék. Dina aspék aksara ngalagena jeung aksara swara hasil rata-rata *pretest* nyaéta 13,5 anu kaasup kana kritéria kurang atawa can mampuh, sedengkeun *posttest* ngaronjat 8,4 jadi 21,9 anu kritéria hadé; aspék rarangkén tina hasil rata-rata *pretest* nyaéta 11,4 anu kaasup kurang ngaronjat 8,5 jadi 19,9 anu kaasup kana kritéria hadé; aspék angka tina hasil rata-rata *pretest* nyaéta 16,2 anu kaasup sedeng ngaronjat 7,3 jadi 23,5 anu kaasup kana kritéria hadé; aspék karapihan tulisan tina hasil rata-rata peunteun *pretest* nyaéta 12,9 anu kaasup kurang ngaronjat 9,1 jadi 22 anu kaasup kana kritéria hadé. Jadi, modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis Aksara Sunda.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar dina kamampuh nulis Aksara Sunda. Larapna modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna siswa leuwih aktif interaksi jeung babaturanna, siswa leuwih kréatif, jeung siswa jadi mikir kritis ku sabab ieu modél dilarapkeun dina diskusi kelompok atawa *cooperative learning*.

Modél pangajaran kelompok leuwih éféktif ku sabab siswa diajar diskusi dina ngaréngsékeun pasualanana.

5.3 Rékoméndasi

Saenggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis Aksara Sunda maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa langkung hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, diantarana nyaéta:

- 1) Modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar, bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda. Ku kituna modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar, bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis Aksara Sunda.
- 2) Dina panalungtikan nulis Aksara Sunda maké modél pangajaran *Take and Give* berbasisi gambar aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantarana: (1) kudu maham kana léngkah-léngkah modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar; (2) ngarancang pangajaran kalayan bener jeung *sistematis*; (3) kudu bisa nyiptakeun suasana atawa kaayaan nu sumanget sangkan ngirut siswa; sarta (4) kudu pinter ngokolakeun waktu; jeung
- 3) Dipiharep ayana panalungtikan modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar, dina pangajaran nulis atawa pangajaran séjenna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran nulis leuwih hadé kalawan maké modél pangajaran *Take and Give* berbasis gambar.